

BAB III

MÉTODE PANALUNGTIKAN


3.1 Désain Panalungtikan

Dina ieu panalungtikan digunakeun pamarekan kualitatif kalawan métode déskriptif. Panalungtikan kualitatif nyaéta panalungtikan nu dilaksanakeun pikeun ngahontal pamahaman kana fénoména subjék atawa objék panalungtikan sacara holistik kalawan cara déskripsi dina wangun kecap-kecap jeung basa luyu jeung kontéks nu tangtu sarta ngamangpaatkeun sawatara métode ilmiah (Moleong, 2015, kc. 6). Dumasar kana éta hal, panalungtikan kualitatif téh nyoko kana déskripsi hasil panalungtikan nu ditepikeun dina wangun kekecapan.

Muhartoyo (2007) nyebutkeun yén dina seuhseuhanana panalungtikan nu sipatna kualitatif leuwih ngagunakeun métode induktif pikeun nyindekkeun prinsip-prinsip umum, tiori, atawa “bebeneran” tina hiji kagiatan invéstigasi. Disebutkeun yén

“Qualitative research, on the other hand, is using an inductive method that seeks to draw general principles, theories or ‘truth’ from an investigation and documentation. It does not use any statistical tool, however, simple tabulation and calculation are sometimes used in the analysis. The data collected for this research are normal qualitative data i.e. data which are recorded in nonnumerical form, such as transcript of an interview. Other characteristics of qualitative methods are subjective, naturalistic and uncontrolled, exploratory, and descriptive.” (kc. 2)

Métode nu digunakeun dina ieu panalungtikan nyaéta métode déskriptif. Métode déskriptif nyaéta métode panalungtikan nu miboga tujuan pikeun ngagambarkeun sacéréwéléna ngeunaan sipat-sipat hiji individu atawa kelompok (nu ngawengku kaayaan atawa tanda-tandana) atawa pikeun nangtukeun frékuénsi patalina hiji tanda jeung tanda séjénna di masarakat (Tan, 1979, kc. 42). Métode déskriptif dina ieu panalungtikan digunakeun pikeun ngungkab fakta panalungtikan nu mangrupa paguneman dina acara “Milang Béntang” AKTV nu satuluyna dianalisis dumasar kana wangun pengeluaran pasangan paguneman, pola interaksi panyatur, jeung wangun pananda distribusi giliran nyarita. Dumasar kana pamarekan jeung métode nu digunakeun, désain nu dilarapkeun dina ieu panalungtikan kagambar dina bagan 3.1.



Bagan 3.1 Désain Panalungtikan

3.2 Sumber Data

Sumber data mangrupa subjék asal dicangkingna data panalungtikan. Data nu dianalisis dina ieu panalungtikan nyaéta wacana paguneman dina acara “Milang Béntang” AKTV. Stasiun AKTV dina gelombang frékuénsi 43 UHF mangrupa bagian atawa turunan tina PT Akwan Media Utama. AKTV kaasup stasiun tipi lokal di sabudeureun wilayah Bandung Raya. Kontén unggal programna patali jeung hal-hal ihwal kasundaan. Perenahna di Jl. Pabrik Aci No. 40, Kelurahan Cimahi, Kecamatan Cimahi Tengah, Kota Cimahi. Nomer telepon minangka narahubungna nyaéta (022) 20663639.

Acara “Milang Béntang” nu dijadikeun sumber dina ieu panalungtikan mangrupa program obrolan santai (*talk show*) patali jeung widang seni Sunda nu mimiti muncul taun 2017 di stasiun AKTV. Ieu acara midang unggal Saptu ti jam 19.30 – 21.00 WIB kalawan panumbu caturna Rika Rafika. Ieu acara munggaran midang 22 Juli 2017.

Sumber data tina ieu panalungtikan nyaéta opat épisode tina pidangan acara “Milang Béntang” AKTV. Populasi dina ieu panalungtikan nyaéta sakur épisode acara “Milang Béntang” AKTV nu midang unggal Saptu ti taun 2017 nepi ka ayeuna. Ari sampel dina ieu panalungtikan nyaéta opat épisode acara “Milang Béntang” AKTV.

Sampel dina ieu panalungtikan ngawengku opat épisode: (1) “Milangkala Milang Béntang”, midang 21 Juli 2018; (2) “*Pra-Event* Béntang Pilihan II”, midang 8 Séptémber 2018, (2) “*Tribute* Darso”, midang 15 Séptémber 2018, jeung (4) “Sélébgram”, midang 22 Séptémber 2018. Éta opat sampel téh dikumpulkeun tina pidangan langsung (*live streaming*) acara “Milang Béntang” dina akun *Facebook* AKTV (PT Akwan Media Utama). Ari alamat wéb (*link*) pikeun nyalusur éta sampel sumber data katitén tina tabél 3.1.

Tabél 3.1
Alamat Wéb (Link) Sumber Data Panalungtikan

<i>Épisode</i>	<i>Tanggal Midang</i>	<i>Alamat Wéb (Link)</i>
Milangkala Milang Béntang	21-07-2018	https://www.facebook.com/aktv.sumangetbalar/ea/videos/444029592760506/
<i>Pra-Event</i> Béntang Pilihan II	8-09-2018	https://www.facebook.com/aktv.sumangetbalar/ea/videos/494131451083653/
<i>Tribute</i> Darso	15-09-2018	https://www.facebook.com/aktv.sumangetbalar/ea/videos/490719698091495/
Sélébgram	22-09-2018	https://www.facebook.com/aktv.sumangetbalar/ea/videos/494131451083653/

Épisode “Milangkala Milang Béntang” nu tayang 21 Juli 2018 mangrupa épisode nu ngaguar sajarah munggaran ayana acara “Milang Béntang” AKTV sarta minangka wujud sukuran milangkalana nu kahiji. Épisode “*Tribute* Darso” nu midang 15 Séptémber 2018 mangrupa panineungan tujuh taun haol alm. Darso Héndarso, pangalaman karirna, sarta aprésiasi kana karya-karyana nu diguar ku Rika Rafika jeung Yayan Jatnika. Épisode “*Pra-Event* Béntang Pilihan II” nu midang 8 Séptémber 2018 ngobrolkeun pangalaman Maliq, Deni, jeung Tika minangka pamilon pasanggiri Béntang Pilihan I dina taun 2017. Ieu épisode ogé dimaksudkeun minangka média motivasi ka para pamilon pasanggiri Béntang Pilihan II 2018. Ari épisode “Sélébgram” nu midang 22 Séptémber 2018 ngaguar perkara pangalaman karir jeung tips-tips jadi sélébgram ti Miss Réssa jeung Tita Bintang Pantura IV.

Dipilihna éta opat sampel téh kalawan tinimbangan tur anggapan yén sakur épisode acara “Milang Béntang” AKTV miboga karakteristik acara nu sarua boh konsép pidanganana boh dina prosedur acarana. Lian ti éta, dina ieu panalungtikan digunakeun sumber-sumber pustaka séjén minangka pangrojong data nu dipaluruh.

3.3 Instrumén Panalungtikan

Instrumén mangrupa alat nu digunakeun pikeun ngaréngsékeun hiji kagiatan, utamana kagiatan nu ruwet atawa patali jeung hal-hal ilmiah (Hornby, 2000, kc. 705). Instrumén dina ieu panalungtikan nyoko kana sakur alat nu digunakeun pikeun ngumpulkeun data panalungtikan.

Instrumén nu digunakeun dina ieu panalungtikan nyaéta (1) alat transkripsi, (2) kartu data, jeung (3) lambar analisis data paguneman. Transkripsi mangrupa prosés midangkeun deui hiji hal nu sipatna auditif jeung visual tina rékaman kana wangun tinulis (Permatasari spk., 2011, kc. 3). Alat transkripsi nu digunakeun dina ieu panalungtikan ngawengku laptop, *earphone* (alat bantu ngaregepkeun nu ditompokeun kana pangrungu sarta geus disambungkeun kana laptop), jeung lambar transkripsi.

Instrumén satuluyna nu digunakeun nyaéta kartu data. Eusina informasi ngeunaan data nu kapaluruh tina data nu dikumpulkeun. Kartu data dipaké pikeun ngumpulkeun data ngeunaan tilu hal: (1) wangun pengeluaran pasangan paguneman; (2) pola interaksi panyatur, jeung (3) pananda distribusi giliran nyarita dina paguneman acara “Milang Béntang” AKTV. Wangun kartu data nu digunakeun dina ieu panalungtikan kagambar dina bagan 3.2.

Nomer Data	: 001	Kode Data	: (MB/SG/S-01/001)
Analisis Data			
Pengeluaran Paguneman			
(1) Rika	: “Assalamu’alaikum wa rohmatullohi wa barokatuh! Waw! Sampurasun! ”		
(2) Pamiarsa	: “ Rampés! ”		
Panyatur	1	: Rika Rafika	
	2	: Pamiarsa	
Wangun Pengeluaran Pasangan Paguneman			: Salam
Pola Interaksi Panyatur			: -
Pananda Distribusi Giliran Nyarita			: -

Bagan 3.2 Kartu Data

Kartu data nu kodeuna (MB/SG/S-01/001) dibaca minangka data kahiji tina acara “Milang Béntang” épisode “Sélégram” nu kapaluruh tina ségmén kahiji. Aya opat katerangan nu kapaluruh tina kodeu data nyaéta saperti ieu di handap.

- a. Kodeu MB nuduhkeun acara “Milang Béntang” minangka sumber data panalungtikan.
- b. Kodeu SG mangrupa pananda épisode “Milang Béntang” nu dijadikeun sumber référénsi. Kodeu nu digunakeun patali jeung rujukan épisode nyaéta MK pikeun épisode “Milangkala Milang Béntang, BP pikeun épisode “*Pra-Event* Béntang Pilihan II”, TD pikeun épisode “*Tribute* Darso”, jeung SG pikeun épisode “Sélégram”.
- c. Kodeu S-01 mangrupa panuduh ségmentasi acara nu dirujuk dina hiji épisode. Dadasar ségmentasi acara dipasing-pasing dumasar kana jejer omongan paguneman. Sanajan dina émprona éta jejer téh kapegat ku sambung layang, nalika jejnerna masih sarua jeung pedaran saméméhna, mangka éta paguneman dianggap saségmén. Papasingan ségmentasi data paguneman acara “Milang Béntang” AKTV dumasar kana jejer omonganana bisa diilikan dina lampiran.
- d. Kodeu 001 mangrupa pananda nomer data kumulatif patali jeung wangun pengeluaran pasangan paguneman, pola interaksi panyatur, jeung pananda distribusi giliran nyarita dina saépisode.

Lantaran kartu data ukur midangkeun hiji data paguneman sacara husus, mangka diperlukeun ayana raguman papasingan data (klasifikasi) per épisode acarana. Ieu hal diperlukeun pikeun ngagampangkeun prosés analisis utamana dina perkara rujukan wincikan datana. Raguman papasingan data diébréhkeun dina wangun lambar analisis data paguneman saperti dina tabél 3.2.

Tabél 3.2
Lambar Analisis Data Paguneman

<i>Nomer Data</i>	<i>Pengeluaran Paguneman</i>	<i>PPP</i>	<i>PIP</i>	<i>PDGN</i>
MB/TD/S-01/				
001	Rika : “ Assalaamu’alaikum wa rohmatallohi wabarokatuh! ” Pamiarsa : “ Wa’alaikumsalam ... ” Rika : “Wa rohmatallohi wa barokatuh!”	Salam	-	-
002	Rika : “ Sampurasun! ” Pamiarsa : “ Rampés! ”	Salam	-	-
jst.				

Tabél 3.2 diwangun ku lima kolom nu ngawengku kolom nomer data, penggelan paguneman, penggelan pasangan paguneman (PPP), pola interaksi panyatur (PIP), jeung pananda distribusi giliran nyarita (PDGN). Dina kolom nomer data salawasna dimimitian ku kodeu MB/TD/S-.../. Éta kodeu téh nuduhkeun rujukan acara, épisode acara, jeung ségméntasi acara. Sahandapeun éta kodeu dituluykeun ku tilu digit nomer minangka nomer data nu kapaluruh. Upamana aya kodeu MB/TD/S-01/, mangka éta data téh ngarujuk kana paguneman acara “Milang Béntang” épisode “*Tribute Darso*” (TD) nu kapaluruh tina ségméntasi kahiji.

Kolom penggelan paguneman ngébréhkeun cutatan paguneman nu dijadikeun dadasar analisis. Satuluyna, kolom PPP, PIP, jeung PDGN nuduhkeun wincikan papasingan data paguneman. Sabada data karagum dina lambar analisis data paguneman, data satuluyna dipasing-pasing dumasar kana tilu jihat panalungtikan nu ngawengku (1) penggelan pasangan paguneman, (2) pola interaksi panyatur, jeung (3) pananda distribusi giliran nyarita. Papasingan data paguneman bisa diilikan dina lampiran.

3.4 Téhnik Ngumpulkeun Data

Téhnik nu digunakeun pikeun ngumpulkeun data dina ieu panalungtikan nyaéta (1) téhnik regep catet jeung (2) téhnik studi dokuméntasi. Téhnik regep catet atawa téhnik transkripsi dilakukeun kalawan maksud pikeun ngarobah data nu sipatna audio-visual-gerak kana data tinulis pikeun ngagampangkeun prosés analisis. Ari data nu ditranskripsi nyaéta pidangan opat épisode acara “Milang Béntang” AKTV nu nyoko kana data penggelan pasangan paguneman, pola interaksi panyatur, jeung pananda giliran nyarita.

Téhnik studi dokuméntasi dina ieu panalungtikan nyoko kana pamadegan Moleong (Budiman spk., 2015, kc. 68) nu mangrupa salasahiji cara ngumpulkeun data kualitatif kalayan niténan atawa nganalisis dokumén-dokumén nu patali jeung subjék studi dokuméntasi saperti catetan, foto, jeung rékaman boh vidéo boh sora. Studi dokuméntasi nurutkeun Gulo (Firdaus spk., 2012, kc. 4) mangrupa téhnik ngumpulkeun data kalayan cara niténan dokumén-dokumén, *file*, sarta literatur-literatur patali jeung masalah panalungtikan.

Dina ieu panalungtikan, dokumén nu dianalisis nyaéta dokumén lisan nu mangrupa opat vidéo pidangan acara “Milang Béntang” AKTV. Kagiatan nu dilakukeun minangka lajuning laku tina studi dokuméntasi, nurutkeun Firdaus spk., (2012, kc. 4), nyaéta studi pustaka kana sakur literatur-literatur sarta dokuméntasi nu patali jeung panalungtikan.

Téhnik studi pustaka mangrupa warna panalungtikan kualitatif kalawan analisis jeung interprétasi kana bahan tinulis minangka objékna (Sugiarto, 2015, kc. 12). Sugiyono (2012, kc. 291) nyebutkeun yén studi pustaka nyoko kana kajian tioritis sarta sakur référénsi séjén nu aya patalina jeung ajén, budaya, sarta norma-norma nu aya dina situasi sosial nu ditalungtik. Lian ti éta, studi pustaka téh mibanda kalungguhan penting dina panalungtikan sabab panalungtikan teu bisa salawasna leupas tina literatur-literatur ilmiah minangka rujukanana.

Dumasar kana dua téhnik nu digunakeun, kagiatan ngumpulkeun data dina ieu panalungtikan dilakukeun ngaliwatan léngkah-léngkah di handap.

- a. Milih objék panalungtikan nyaéta acara “Milang Béntang” AKTV.
- b. Nangtukeun sampel panalungtikan minangka sumber data. Minangka sampel, dipilih opat épisode acara “Milang Béntang” AKTV nu ngawengku épisode “Milangkala Milang Béntang”, “*Pra-Event Béntang Pilihan II*”, “*Tribute Darso*”, jeung “*Sélébgram*”.
- c. Ngaregepkeun pidangan acara “Milang Béntang” AKTV.
- d. Nyatetkeun sakur omongan panumbu catur jeung pangjejer kana lambar transkripsi.
- e. Ngumpulkeun data paguneman dumasar kana ségméntasi acara.
- f. Milihan data nu kaasup kana komponén adegan wacana paguneman (penggelan pasangan paguneman, pola interaksi panyatur, jeung pananda distribusi giliran nyarita).
- g. Nyalin éta data paguneman kana kartu data.
- h. Ngaragum data tina kartu data kana lambar analisis data paguneman.
- i. Masing-masing data tina lambar analisis data kana papasingan data paguneman luyu jeung tilu jihat nu dianalisis.

3.5 Téhnik Ngolah Data

Yusuf (2014, kc. 400) nyebutkeun yén dina panalungtikan kualitatif, kagiatan ngolah data sakuduna dilakukeun ti mimiti digarapna panalungtikan (*ongoing*). Hartina, prosés ngolah data teu kudu nungguan sakabéh data kakumpul. Kagiatan ngolah datana leuwih nyoko kana prosés induktif. Luyu jeung pamadegan Bachri (2010, kc. 52) nu nétélakeun yén analisis induktif dipaké kalayan sababaraha tinimbangan: (1) prosés induktif éféktif digunakeun pikeun manggihan fakta ganda tina data; (2) dina kagiatan analisis induktif nu merlukeun réspodén, patalina panalungtik jeung réspodén bisa leuwih éksplisit; jeung (3) dina kagiatan analisis induktif, kasang tukang panalungtikan didéskrripsikeun kalayan jéntré.

Aya rupa-rupa téhnik nu bisa dilarapkeun dina kagiatan ngolah data. Upamana téhnik ngamalir ti Miles jeung Huberman (dina Yusuf, 2014, kc. 407) nu ngawengku prosés réduksi data, midangkeun data, jeung prosés inférénsi (nyindekkeun hasil panalungtikan).

Pikeun ngolah data dina ieu panalungtikan digunakeun téhnik analisis unsur langsung. Téhnik analisis unsur langsung nyaéta téhnik dasar nu ngabagi satuan lingual data jadi sababaraha bagian atawa unsur sarta éta bagian atawa unsur téh disawang minangka bagian langsung nu ngawangun satuan lingual nu dimaksud (Sudaryanto dina Baryadi, 2013, kc. 50).

Data paguneman nu kapaluruh dina ieu panalungtikan téh disawang minangka bagian langsung nu ngawangun beungkeutan data paguneman acara “Milang Béntang” AKTV. Léngkah-léngkah dina ngolah data dumasar kana téhnik analisis unsur langsung dina ieu panalungtikan ébréh saperti ieu di handap.

- a. Niténan data paguneman nu geus dikumpulkeun.
- b. Ngodeuan data paguneman.
- c. Nganalisis data paguneman dumasar kana penggelan pasangan paguneman, pola interaksi panyatur, jeung pananda distribusi giliran nyarita.
- d. Ngadéskrripsikeun hasil analisis data paguneman dumasar kana penggelan pasangan paguneman, pola interaksi panyatur, jeung pananda distribusi giliran nyarita.
- e. Napsirkeun jeung nyieun kacindekan tina hasil analisis data paguneman.